

## ESTATI IMIGRASYON KONSÈVE ENFÒMASYON OU E DEPOZE PLENT SAN OU PA BAY NON OU

NJDOL sèvi tout kèlkeswa estati imigrasyon ou. NJDOL pap pral pataje okenn enfòmasyon ou avèk biwo imigrasyon, sof si lalwa egzije sa.

Gen kèk ka, NJDOL kapab pataje enfòmasyon ou. Pa egzanp, si yon jij oswa yon biwo leta oswa lalwa bay yon manda, NJDOL oblige obeyi. Ajan biwo leta yo dwe genyen yon manda ki siyen, e deklare ke yap pral konsève enfòmasyon ou an sekrè. Nou pa bay okenn enfòmasyon ou ak biwo leta si ou depoze yon plent kont yo.

Ou ka depoze yon plent pa lapòs, pa faks san ou pa mete non ou. Kite kote pou ekri non nan vid e pa bay adrès ou. Sonje byen, lè sa a ou pap ka resevwa okenn enfòmasyon ki jan plent ou te depoze a mache or nan ki pwen li ye.

## PWOTEKSYON KONT REVANJ

Lalwa entèdi pou konpayi yo maltrete ou paske ou depoze yon plent. Konpayi ki vyole lwa sa ap peye amann. Aprann plis sou sit sa a [myworkrights.nj.gov](http://myworkrights.nj.gov).

## Kijan POU DEPOZE YON PLENT



Sou Entènèt:  
[myworkrights.nj.gov](http://myworkrights.nj.gov)



Imèl  
New Jersey Department of Labor and  
Workforce Development  
Division of Wage and Hour Compliance,  
P.O. Box 389  
Trenton, NJ 08625-0389



Faks:  
(609) 695-1174

Fè soti fòm nan sou papye:  
[nj.gov/labor/file](http://nj.gov/labor/file)



KONNEN DWA TRAVAY  
OU YO NAN NJ:

## DEPOZE YON PLENT SOU SALÈ AK ORÈ TRAVAY OU



[myworkrights.nj.gov](http://myworkrights.nj.gov)



- Kijan pou depoze yon plent
- Konsèy ki itil
- Ki sa pou atann

# Nou MENNEN ANKÈT LÈ:

- Patwon ap volè kòb anplwaye; lè patwon pa respekte kantite kòb yon anplwaye si poze touche chak semèn oswa kantite kòb yon anplwaye si poze touche lè li travay pou plis pase 40 èdtan chak semèn.
- Yo pa peye ou konje ou pran paske ou malad.
- Patwon pran revanj kont yon anplwaye.
- Patwon mete yon travayè nan move kategori.
- Yon anplwaye ki nan pwojè pa touche Kantite kòb li ta si poze (egzanz moun kap travay konstriksyon leta).
- Pwotection espesyal aplike pou:
  - Moun kap fè travay domestik
  - Travayè ki resevwa "tip"
  - Moun kap travay latè
  - Jèn timoun kap travay



## Sa pou atann LÈ OU DEPOZE YON PLENT

1. Si ou depoze yon plent sou entènèt, wap resevwa yon nimewo konfirmasyon nan imèl nan 10 jou. Plent ki depoze sou papye pap resevwa yon nimewo konfirmasyon.
2. Lè yon plent depoze, yo ka mete yon envestigatè sou dosye a pou ka trete li. Envestigatè a ap jere dosye sa a pa lapòs oswa fè yon rankont avèk yon reprezentan NJDOL. Nan kèk ka, plent sa sa a ka refere ak yon lòt biwo lete. Yap pral kontakte ou si nou pa asepte plent ou te depoze a.
3. Aprè 30 jou lè ou finn depoze yon plent, tyeke [wagehour.nj.gov](http://wagehour.nj.gov) ak nimewo konfirmasyon an pou ou wè ki kote yo te refere plent ou a.
4. Yo ka kontakte patwon w la. Nan kèk sitiayson, nou ka mande w pèmisyón alekri pou pataje idantite w oswa enfòmasyon ou te bay ak patwon ou la. Ou ka refize. Nou pap di patwon ou si ou te depoze yon plent eksepte si gen yon sikonsans, men li limite anpil. Aprann plis nan papye sa a.
5. Rezulta sou plent ou te depoze a ka pran plizyè semèn oswa mwa. Si patwon ou dwe ou lajan, yo ka peye ou dirèkteman oswa yo voye lajan an ba nou epi nap peye ou. Okenn lajan pa garanti. Si nou wè yo pa dwe ou lajan, ou ka mande pou lòt biwo ki piwo revize dosye a. Aprann plis sou [nj.gov/labor/wageappeal](http://nj.gov/labor/wageappeal).

Pou plis enfòmasyon sou yon plent ou depoze sou papye oswa ou si gen kesyon, kontakte (609) 292-2305 oswa imèl [wage.hour@ dol.nj.gov](mailto:wage.hour@ dol.nj.gov). Nap fè tout efò nou kapab pou nou bay asistans nan lang ou.

Aprann plis sou [nj.gov/labor/investigate](http://nj.gov/labor/investigate).

## Konsèy POU DEPOZE YON PLENT

Yon moun ou fè konfyans ka depoze yon plent sou non ou oswa ede ou ranpli fòm nan.

Chak travayè dwe depoze plent pa yo.

Reponn tout kesyon yo byen epi bay fotokopi tout dokiman yo, ki enpòtan yo.

Yo ka mande ou plis detay (sa vle di enfòmasyon sou konpayi a, e fòs lè ou te travay).

Travayè latè yo, imèl [farms@ dol.nj.gov](mailto:farms@ dol.nj.gov) pou nou ou te depoze yon plent oswa ou bezwen assistans.